



Pou Piblikasyon Imedya: 22/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 40 MILYON DOLA POU PWOCHEN FAZ
PWOGRAM TRAVAY POU JÈN YO POU EDE NEW YORK KONTINYE REDUI
VYOLANS AK ZAM YO**

Pwochen faz la pral bay opòtinite travay ak fòmasyon pou yon lòt 2500 jèn

*Pwogram nan te deja konekte plizyè milye jèn avèk travay yo nan dènye ane yo
epi te ede bese vyolans ak zam*

*Fiziyad yo te bese 29% jiska jiyè nan kominote yo atravè New York, sa ki atenn
nivo ki ba istorikman*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te akòde prèske 40 milyon dola pou pwochen faz Pwogram Travay pou Jèn yo, ki pral ede New York kontinye diminye vyolans ak zam nan bay opòtinite travay ak fòmasyon pou jèn ki an danje nan kominote yo atravè eta a. Pwogram nan jwe yon wòl enpòtan nan Inisyativ Eliminasyon Vyolans ak Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) Eta New York, ki opere nan 21 konte ak pi fò nan popilasyon eta a andeyò Vil New York.

"Sekirite piblik se priyorite prensipal mwen epi mwen p ap janm sispann goumen pou kenbe moun nan eta sa an sekirite epi travay pou pwoteje jèn ki pi vilnerab nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Travay pou Jèn yo ranfòse apwòch global administrasyon mwen an pou mete fen nan fleyo vyolans ak zam nan kominote atravè Eta New York, pandan l ap bay jèn ki an danje yo eksperyans travay ki gen anpil valè ak konpetans ki pral ede asire yo gen avni solid."

38.8 milyon dola yo bay jodi a gen ladan l investisman nan travay pandan tout ane a ak opòtinite fòmasyon pou jèn moun nan rejyon ki resewa sipò nan inisyativ GIVE la. Yo prevwa finansman sa a ap bay travay peye ak opòtinite fòmasyon pou apeprè 2,500 jèn ki gen revni ba, ki an danje atravè zòn sa yo nan eta a soti septanm 2024 jiska jen 2025.

Rejyon	Kantite Lajan
Capital Region	\$2,513,157
Central New York	\$3,053,407

Finger Lakes	\$3,945,970
Long Island	\$7,941,588
Mid-Hudson	\$10,526,973
Mohawk Valley	\$1,339,113
North Country	\$511,728
Southern Tier	\$2,090,487
Western New York	\$6,877,577
TOTAL	\$38.8 million

Pwogram Travay pou Jèn nan Eta New York ak Inisyativ GIVE la deja pwouve yo efikas nan kreye opòtinite pou jèn yo ak nan diminye vyolans ak zam atravè eta a.

Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Pwogram Travay pou Jèn yo deja konekte plizyè milye jèn avèk travay ak fòmasyon. Faz ki pi resan nan pwogram nan te kòmanse 1 janvye rive 30 jen 2024, lè apeprè 2,650 jèn te patisipe nan pwogram nan, k ap travay nan lekòl, bibliyotèk, restoran, kan/pwogram gadri, òganizasyon kominotè ak lòt sit travay.

Akòz pwogram sa a ak lòt investisman atravè GIVE, Gouvènè Hochul te anonse nan kòmansman semèn lan tou ke [ensidan fiziyad ki gen blese yo te bese 29 pousan](#) jiska jiyè 2024 yo lè yo konpare ak menm peryòd sèt mwa ane pase a, jan 28 depatman lapolis atravè 21 konte k ap patisipe nan inisyativ GIVE la rapòte sa. Nan anpil distri GIVE, fiziyad yo kounye a nan nivo ki pi ba yo te janm anrejistre depi Eta a te kòmanse swiv enfòmasyon sa yo depi de deseni.

Anons jodi a pou avanse pwochen faz nan Pwogram Travay pou Jèn yo pral kontinye travay efikas sa a. Rechèch yo montre ke jèn vilnerab ki an danje ak nan chomaj ka fè fas ak difikilte pita nan lavi, tankou povrete, sante mantal ak enplikasyon nan jistis kriminèl. Anplis de sa, jèn ki ekspoze a twomatis ak vyolans ka soufri alontèm efè danjere pita nan lavi, ki gen ladan obstak nan travay ki gen siksè ak establite finansye.

Dezyèm faz Pwogram Travay pou Jèn yo pral fonksyone soti nan mwa septanm rive nan mwa jen. Pou yo ka elijib pou pwogram nan, jèn yo dwe gen ant 14 ak 20 ane epi yo gen yon manm nan yon kay ki gen yon revni ki pi ba pase 200 pousan nivo federal povrete a, ki varye selon gwosè kay la epi, pa egzanp, se 51,640 dola pou yon fanmi ki gen twa moun.

Founisè Pwogram Travay pou Jèn yo ankouraje kolabore ak lapolis lokal yo ak lòt òganizasyon lokal k ap sèvi jèn ki an danje epi yo dwe kolabore ak pwogram Sansibilizasyon SNUG Street lokal yo si pwogram sa yo disponib nan distri yo. Pwogram Sansibilizasyon SNUG Street la, ke Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a administre a itilize yon apwòch sante piblik pou adrese vyolans ak zam nan idantifye sous la, entèwonp transmisyon, ak trete moun, fanmi ak kominote ki afekte akòz vyolans yo.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Nou konnen lè nou bay jèn vilnerab ki an danje eksperyans travay ki gen anpil valè ak sipò nan karyè, nou ka ede pwoteje yo kont enpak alontèm sik destriktif vyolans zam ka genyen sou kominote nou yo. Pwogram Travay pou Jèn nan pral ede nou bati sou siksè Pwogram Travay pou Jèn nan ete a nan kreye plis opòtinite travay pandan tout ane a pou jèn ki an danje nan plizyè pati nan eta a ki pi dirèkteman afekte akòz vyolans ak zam epi ede sipòte kominote ki pi an sekirite epi ki pi solid."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Travay se yon bagay ki bay jèn Nouyòkè yo non sèlman yon sans objektif ak direksyon, men tou konesans ak konpetans yo bezwen pou konstwi yon avni meye ak pi an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li k ap kontinye nan devlopman mendèv, espesyalman pou jèn nou yo, ki pral finalman alimante ekonomi demen an."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Menm jan nou fè patenarya ak ajans fòs de lòd lokal yo k ap travay pou diminye plis vyolans ak zam, nou sipòte òganizasyon kominote ki bay konsèy, ak pwogram ak sèvis pou jèn ak fanmi yo. Aksè nan travay pandan tout ane a pou jèn yo enpòtan anpil e li konplete efò nou yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm sante piblik sa a ak angajman pou finanse pwogram ki pèmèt jèn, fanmi yo ak kominote yo pwospere."

Komisè Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York, Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare, "Pwogram Travay pou Jèn yo se yon eleman enpòtan nan efò Eta New York ap fè pou ankouraje devlopman pozitif jèn yo, konpetans pou travay ak evantyèl otosifizans. Apwòch konplè pou bay aktivite restriktif pandan tan san sipèvizyon ak opòtinite pou jèn yo jwenn mwayen legal pou gen revni malgre altènativ ilegal yo, nesèsè si nou vle redwi vyolans ak zam ak krim. Rechèch yo endike ke travay pou jèn yo diminye chans pou yo arete jèn yo pou krim nan 17%, kidonk se yon chwa saj lè Gouvènè a envesti nan opòtinite travay pou jèn yo pandan tout ane a."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)